

# Pou Timoun kap Kòmanse Jadendanfan, Tranzisyon Enpòtan!

Kòmanse klas Matènèl oswa Jadendanfan se yon tranzisyon ki chaje gwo ak ti chanjman pou jèn timoun. Avèk èd ou, tranzisyon sa a kapab yon eksperyans pozitif ki bay pitit ou a ( ak oumenm!) yon santiman konfyans nan tèt ou ak akonplisman.

## 9 Ti Konsèy Pratik pou Ede Pitit ou a fè Tranzisyon nan Jadendanfan

1. Bay pitit ou a opòtinite amizan pou pase tan lwen ou, avèk lòt granmoun ak timoun.
2. Pale sou lekòl nan yon fason pozitif. Pataje kèk nan souvni amizan w yo konsènan kòmanse lekòl.
3. Regilyèman, mete yon tan apa pou pitit ou a pratike konpetans tankou konte, aprann konnen non lèt yo oswa itilize sizo. Gade ti feyè konsèy la "Kisa Pitit ou Dwe Konnen pou li Pare pou Jadendanfan" pou yon referans rapid sou konpetans adisyonèl.
4. Li liv ak pitit ou epi pale konsènan foto yo ak istwa a.
5. Ankouraje endepandans pitit ou pandan w ap bay direksyon senp epi kite li konplete pwòp travay li poukont li.
6. Fè yon vwayaj pou ale nan jadendanfan! Jwe sou teren an, fè wonn bilding nan epi jwenn twalèt la kapab ede redwi perèz konsènan kòmansman lekòl.
7. Avèk pitit ou a, seleksyone epi li yon liv nan Lis Liv Tranzisyon pou ale nan Jadendanfan an epi diskite nenpòt santiman, kesyon oswa pwoblèm sou jadendanfan.
8. Pale ak pitit ou a konsènan woutin matinal, enkli mwayen transpò pou li ale lekòl.
9. Patisipe nan yon pwogram bibliyotèk gratis nan grandvakans oswa yon lòt aktivite kominotè pou ede oumenm oswa pitit ou a aprann epi sosyalize li avèk lòt moun avan lekòl kòmanse.



**Prezans enpòtan.** Chak jou ki rate se yon opòtinite aprantisaj ki pèdi.

**Rete pozitif sou tranzisyon nan klas Jadendanfan** Yon antre pozitif ogmante chans pou pwogrè akademik.

**Kreye yon espas aprantisaj lakay ou pou sipòte kreyativite ak kiryozyite natirèl pitit ou a.**

**Devlope yon relasyon solid avèk pwofesè jadendanfan pitit ou a.**

**Etabli woutin ak orè, jadendanfan se yon kote ki estriktire anpil.** Pratike woutin regilyèman.

**Suiv direksyon se yon konpetans enpòtan nan jadendanfan.** Divize enstriksyon yo nan youn oswa de (2) etap alafwa.

**Rasanble dosye yo (batistè, dosye vaksinasyon, prèv adrès) epi ranpli fòm pou enskri pitit ou a nan jadendanfan.**

**Ede pitit ou a prepare pou tranzisyon an nan pale l de jadendanfan epi pèmèt pitit ou a pataje enkyetid li yo.**

**Endepandans se yon kado enpòtan pou bay pitit ou.** Bay ankourajman pou favorize siksè

**Antre nan òganizasyon ki genyen rapò avèk lekòl tankou, PTA ak Komite Konsèy Lekòl (SAC).**

**Kontinye suiv sa k ap pase lekòl la nan li bilten pwofesè yo ak administrasyon an.**

**Ranseye w sou pwogram jadendanfan pitit ou a.**

**Fè sèten ou anseye pitit ou a pou l pran swen tèt li, tankou kijan pou l pran swen pwòp tèt li nan twalèt, mouche nen, ouvri bwat manje midi, epi netwaye espas yo.**

**Site non tout moun pitit ou a pral rankontre nan nouvo lekòl la.**

**Kominikasyon kontini ant paran/moun k ap bay swen ak pwofesè enpòtan.**

**Pratike teknik jadendanfan tankou, tann tou pa w, kanpe nan liy, ekri prenon ak siyati.**

**Kontakte lekòl pitit ou a pou w kapab reponn kesyon yo.**

**Li liv pou pitit ou a sou kòmansman jadendanfan.**

**Konpetans sosyal yo enpòtan anpil.** Ede pitit ou a aprann kijan pou l kominike ak lòt moun epi rezoud konfli yo.

**Mennen pitit ou a nan bibliyotèk lokal la pou tcheke liv pou sipòte aprantisaj li.**

**Konprann li natirèl pou pitit ou a santi l enkyè sou tranzisyon an nan jadendanfan.**

**Vizite lekòl primè yo bay ou a epi ale nan reyinyon paran elèv jadendanfan.**

**Travay depre avèk anplwaye lekòl la pou sipòte pitit ou a oswa pou rezoud nenpòt pwoblèm ki kapab prezante.**

**Eksplòre ak kisa yon jou tipik nan jadendanfan pral sanble.**

**Ou menm ak pitit ou a ap fè vwayaj sa a ansanm, rekonèt sa a se yon gwo etap pou ou tou.**

**Zoom, kòmansse bonè ak aktivite tranzisyon yo nan jadendanfan, pou li pa vini kòm yon sipriz pita.**

## Prepare w pou Reyisi:

# Konsèy sou Prezans

Timoun piti ki souvan absan lekòl rate opòtinite amitye, aktivite aprantisaj epi pataje eksperyans yo bezwen nan sans apatenans ak reyisit. Etid syantifik yo montre rate sèlman kèk jou lekòl chak de (2) semèn kapab ogmante estrès epi fè li pi difisil pou yon timoun aprann ak devlope konpetans pou l kapab reyisi nan klas. Malerezman, 1 timoun sou 10 rate plis pase yon mwa lekòl chak ane.

### Si pitit ou a kontinye rate jou lekòl, ou kapab itilize konsèy sa yo pou kreye bon abidid prezans:

Fikse yon lè nòmal pou dòmi bonè epi etabli woutin lè pou dòmi pral ede bay pitit ou a repo nesese pou apwoche chak jou pare pou siksè.

Woutin lè pou dòmi kapab genyen ladan, benyen, bwose dan, li yon liv epi yo ta dwe bay anpil tan pou timoun prepare pou kabann.

Li ak timoun oswa jwe mizik klasik avan yo dòmi tranquilize ak kalme timoun yo pou pèmèt yo dòmi pi fasil. Yo sijere pou timoun evite itilize aparèy elektwonik anvan yo dòmi.

Etabli woutin nan maten. Fanmi yo ta dwe fikse revèy yo pou menm lè chak jou pou pèmèt ase tan pou konplete woutin maten epi redwi estrès ki pa nesese

Kite tan pou ka enprevi. Pare tout rad, manje midi ak sakado nan sware avan an, epi leve byen bonè pou ale lekòl.

Si w bezwen asistans pou w depoze oswa vin chèche pitit ou a, mande manm fanmi w, vwazen oswa lòt paran pou ede w. Asire w ou tcheke règleman sekirite lekòl la davans.

Si lestomak fè mal oswa maltèt souvan anpeche pitit ou a ale lekòl, kòz la ta kapab estrès oswa konfli. Si pitit ou a parèt nève pou l ale lekòl, pale ak yon pwofesè oswa yon konseye pou jwenn konsèy sou fason pou fè yo santi yo alèz.

Mande èd lè ou bezwen li. Anplwaye lekòl la, pwofesè pwogram apre lekòl yo, lòt fanmi oswa ajans kominotè yo la pou ede w epi jere pwoblèm ki anpeche prezans nan lekòl.

## Pale, Tande epi Konprann: Konsèy pou Kominikasyon

Langaj, kominikasyon, aprann li ak ekri bonè enpòtan anpil pou konpetans timoun aprann, travay, ak jwe ak lòt moun. Devlopman lang epi aprann li ak ekri enplike fason timoun aprann kominike ak son, mo ak jès, epi evantyèlman, fason yo aprann li ak ekri. Timoun devlope langaj ak aprann li ak ekri atravè entèaksyon ak adilt ak lòt timoun, nan angajman ak materyèl epi eksperyans pedagogik.

### Fanmi yo kapab swiv konsèy sa yo pou amelyore konpetans kominikasyon pitit yo:

1. Li pou pitit ou a nan bibliyotèk ak libreri nan zòn yo, lakay, nenpòt kote.
2. Sèvi ak koulè pou dekri objè lè w ap pale ak pitit ou a.
3. Chante chan ki mande pou deplase men ak pye.
4. Bay jwèt ki pou kapte atansyon li pandan l ap jwe pou kont li.
5. Montre epi dekri objè ki gwo ak piti.
6. Li omwen yon liv pou pitit ou chak jou.
7. Mande pitit ou a non li epi figi kimoun ki nan glas la.
8. Pale ak pitit ou sou sa w ap fè.
9. Enskri pou yon kat bibliyotèk.
10. Chante chante tankou "*Where is Thumbkin*" ak "*Five Little Monkeys*."
11. Li liv sou okazyon espesyal yo.
12. Gade foto yo epi pale sou yo.
13. Mache nan katye a epi pale sou sa ou wè.
14. Bat bravo, ri ak felisite pitit ou lè li fè yon bagay nouvo.
15. Patisipe nan evènman bibliyotèk zòn nan (pa egzanp lè lekti).
16. Koute sa pitit ou a genyen pou li di epi reponn.
17. Mete yon tan espesyal pou li istwa (pa egzanp lè pou li kouche).

The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –February 2023 – SY231041

## Kontwole gwo mouvman kò

# Konsèy pou Motrisite Global

Pandan senk premye ane yo, jèn timoun yo sibi chanjman ki pi rapid ak dramatik nan devlopman fizik yo pase nenpòt lòt moman nan lavi yo. Chanjman nan pwopòsyon kò, kowòdinasyon, ak fòs rive menm jan sa fèt nan devlopman sèvo a ki deplizanpli konplèks. Timoun yo devlope kapasite fizik, motè, ak sansoryèl remakab ki amelyore eksplorasyon ak metriz anviwònman an.

### Fanmi yo kapab swiv konsèy sa yo pou amelyore motrisite global pitit yo:

- 1.** Aprann pitit ou a kijan pou l monte ak desann eskalye ak prekosyon.
- 2.** Jwe jwèt danse tankou "Freeze Dance."
- 3.** Jwe jwèt deplase tankou "Freeze Tag" oswa "Regular Tag" oswa "Lago Kache".
- 4.** Fè pa ou, oswa bay pitit ou a yon kòd pou l sote.
- 5.** Kreye pwòp kou obstak ou pou pitit ou a pase ladan l.
- 6.** Jwe yon jwèt kòmand tankou "Simon di" lè l sèvi avèk gwo mouvman kò.
- 7.** Trase yon liy ak lakrè epi kite pitit ou a pratike mache sou li.
- 8.** Jwe "Lanse ak trape" ak boul diferan gwosè.
- 9.** Ankouraje pitit ou a pou l ede netwaye lè w jete boul papye nan poubèl resiklaj la.
- 10.** Jwe jwèt mache ki sèvi ak tout kò a kòm "Twister."
- 11.** Kreye pwòp sak pwa ou epi jwe trape ak lanse oswa "Hot Potato".
- 12.** Ankouraje pitit ou a mete rad li sou li.
- 13.** Bay kote pou kouri, sote, sotiye, oswa monte yon bekàn twa wou.
- 14.** Jwe yon jwèt deplase ki mande choute tankou "jwe boul oswa Foutbòl ameriken".
- 15.** Jwe yon jwèt deplase tankou "Hopscotch."
- 16.** Li liv ki ankouraje mouvman.



## Estanda Aprantisaj pou Elèv k ap Antre nan Jadendanfan

### Sosyo-Konpetans

- Konnen prenon ak siyati
- Rekonèt emosyon pèsonèl ak emosyon lòt moun
- Rekonèt epi kontwole pwòp konpòtman li
- Itilize mo pou kominike emosyon
- Montre li komanse kapab rezoub pwoblem, enkli ofri solisyon potansyèl
- Rete konsantre sou yon travay pandan omwen 5 minit
- Kapab epi vle pataje
- Li pa bezwen fè yon ti dòmi ankò pandan jounen an

### Langaj

- Suiv enstriksyon 2 etap ("Metè soulye w, epi pran manto ou.")
- Angaje nan echanj konvèsasyon avèk adilt ak zanmi
- Kapab eksprime tèt yo epi adilt ak zanmi konprann yo nan itilize nouvo mo vokabilè ak detay
- Poze ak reponn kesyon avèk adilt ak zanmi

### Lekti ak Ekriti

- Kontan gade liv
- Tounen rakonte oswa imite yon istwa
- Rekonèt mo senp ki rime (bat → cat)
- Idantifye son endividyèl nan yon mo (idantifye "mmm" kòm premye son nan "mop")
- Idantifye majorite lèt majiskil ak miniskil
- Rekonèt majorite son lèt yo
- itilize majigridi pou metepanse sou papye
- Ekri prenon

### Matematik

- Konte objè youn alafwa jiska 15
- Krete ti gwoup objè (gwoupe objè epi konte konbyen)
- Li epi ekri chif 1 jiska 30.
- Idantifye fòm debaz

*Atant ki anlè a reprezante konpetans espesifik timoun ta dwe genyen oswa ap travay sou yo alafen eksperyans klas matènèl yo. Li enpòtan pou sonje timoun antre nan jadendanfan avèk yon varyete konpetans ak eksperyans. Pwofesè nan Distri Lekòl Reyon Palm Beach la sipòte timoun k' ap antre nan jadendanfan nan tout nivo aprantisaj ak devlopman. Yo te devlope lis konpetans sa yo kòm yon pati nan "Riviera Beach Prekindergarten Collaborative", ki se yon efò kolaboratif ant pwofesè jadendanfan ki soti nan plizyè lekòl primè Riviera Beach ak direktè/tris/enstriktè ki soti nan plizyè sant gadri prive Riviera Beach.*

# Kisa Pitit ou a Dwe Konnen pou li Pare pou Jadendanfan

Pwofite tout tan avan klas jadendanfan nan itilize "Early Learning" Estanda Florid: 4 an rive nan Jadendanfan. Ou kapab sèvi ak fèy referans rapid sa a kòm yon gid pandan w ap ede prepare pitit ou a pou reyisi nan jadendanfan ak apre. Lis sa a gen konpetans oswa kapasite yo sigjere, men li pa ta dwe konsidere kòm totalman konplè pou tout konpetans ak kapasite posib yon timoun senk ane ta dwe genyen.



## Devlopman Sosyal ak Emosyonèl

- Rekonèt epi reponn ak konpasyon lè kamarad yo fache
- Kapab kominike santiman ak emosyon
- Genyen relasyon pozitif avèk kamarad ak adilt
- Jwe byen ak lòt moun
- Kapab rezoud pwoblèm avèk kamarad ak adilt
- *Kapab dekri karakteristik pèsònèl yo (pa egzanp, koulè cheve, laj, sèks)*



## Syans Sosyal

- Idantifye tèt yo kòm yon moun ak kijan yo diferan ak lòt moun
- Konprann itilizasyon règ nan fanmi an ak nan salklas
- *Konprann itilizasyon resous jewografik (pa egzanp, glòb, kat jewografi oswa GPS)*
- Konprann wòl travayè kominotè yo



## Devlopman Fizik

- Montre abilitè pou fè aktivite fizik, *direksyon ak konsyans espasyal (pa egzanp, kouri, sote, balanse, monte yon bekàn twa wou)*
- Manje ak bwè san asistans
- Enterese nan ijyèn pèsònèl



## Ekspresyon kreyatif atravè Atizay

- Renmen patisipe nan aktivite mizik *(pa egzanp, danse, chante, jwe ak enstriman)*
- Itilize desen, penti, oswa lòt fòm atizay pou ekspri panse, santiman, ak eksperyans.



## Apwòch pou Aprantisaj

- Demontre kiryozi, anvi ak pèsistans nan yon travay/tach
- Montre kreyativite, kapasite pou envante, refleksyon ak planifikasyon pou yon nouvo tach



# **Eksperyans Mwen Sou Wout Jadendanfan Matènèl → Jadendanfan Kalandriye Aktivite**





**Kalandriye sa a plen aktivite amizan, motivan ki pral ede pitit nou yo prepare pou eksperyans yo nan Jadendanfan. Chak mwa ofri aktivite ki konsantre sou lekti/ekriti, matematik, syans, aprantisaj sosyo-emosyonèl ak jwèt amizan pou fanmi, baze sou Estanda *Florida's Early Learning***

**Amize nou avèk pitit nou nan reyalize aktivite yo pandan n ap ede pitit nou prepare pou pwochen etap nan lavi yo...Jadendanfan!**

**Pou plis enfòmasyon sou tranzisyon nan jadendanfan ak resous pou paran, vizite**

**[palmbeachschools.org/prek](http://palmbeachschools.org/prek)**



**Early  
Childhood  
EDUCATION**  
PALM BEACH COUNTY SCHOOL DISTRICT



# OUT 2023

## Eksperyans mwen nan Jadendanfan Matenel Aktivite pou Jadendanfan →



DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Matènèl ap kòmanse mwa sa a</b>						
		1	2	3	4	5
<b>Sa a se pral yon mwa enteresan pandan pitit ou ap kòmanse klas Matènèl. Pitit ou pral anbake nan yon bèl vwayaj aprantisaj ki pral prepare l pou jadendanfan.</b>		Woutin enpòtan anpil. Pale sou woutin fanmi w pou lekòl, moman dine, ak lè pou ale dòmi.	<b>Etabli yon woutin pou lekli.</b> Li chak swa pou pitit ou. 15 minit fè yon gwo diferans.	Fè zanmi se yon pati enpòtan nan klas Matènèl, jwe wòl avèk pitit ou sou fason pou yo prezante tèt yo bay yon kamarad klas epi mande yo non yo.	Li yon liv sou zanmitay. Pale sou sa sa vle di pou moun zanmi.	Jwe wòl sou fason pou rezoud konfli. 1. Sa pou yo fè lè yon timoun pran jwèt yo. 2. Kisa pou yo fè lè yo vle pran yon jwèt yon timoun ap jwe avèk li. 3. Kisa pou yo fè lè yon moun fè maledve avèk yo.
6	7	8	9	10	11	12
Pase tan ak fanmi, amize w dimanch sa a nan fè aktivite pitit ou prefere yo!	Pou prepare pitit ou a pou Matènèl epi pou lè li manke ou, li Li "Llama, Llama, Misses Mama."	<b>Prepare pou Matènèl</b> Anpil papye ap vin lakay, li tout bagay epi voye tounen dokiman yo mande yo	Pou prepare pitit ou pou premye jounen yo nan Matènèl, li "The Night before Kindergarten."	<b>Jodi a se 1<sup>er</sup> jou nan PreK!</b> Etabli bon abitud pou prezan lekòl. Fè pitit ou rive lekòl alè epi pou li absan sèlman lè li malad,	Sware jwèt an fanmi, jwe jwèt salon pitit ou pi renmen an, pratike pou l tann tou pa li.	Vizite bibliyotèk epi chèche liv sou zanmitay.
13	14	15	16	17	18	19
Pase tan ak fanmi, pase yon jounen detant pou prepare pou tout yon semèn lekòl. Lè pou ale dòmi li "The Kissing Hand"	Pandan tan lekli a, pale sou pati yon liv, paj kouvèti/do liv la, tit paj la, otè, ilustratè.	Li yon liv alfabè, mande pitit ou endike ak dwèt li epi di lèt li konnen.	Pratike repetei non jou semèn yo.	Ankouraje pitit ou pratike ekri non li.	Sware jwèt an fanmi, jwe yon jwèt kat "Crazy 8's" oswa "Go Fish".	Fè pitit ou eksplòre atik nan kay la nan pale sou karakteristik, di/mou, lou/leje,
20	21	22	23	24	25	26
Pase tan ak fanmi, pale sou tach epi bay pitit ou yon senp tach pou l fè chak jou pou ede fanmi an.	Repase pati yon liv avèk pitit ou. Pandan n ap li, mete dwèt nou sou mo, pou montre pitit ou nou li soti agoch ale adwat.	Pratike konte jiska 10.	Pale avèk pitit ou sou zanmi li nan klas la, mande chak zanmi non yo, ak yon jwèt yo fwe ansanm.	Fè pitit ou pratike ekri non li ak tout lèt li konnen.	Sware jwèt an fanmi, jwe "Simon Says" (Simon di)	Mande pitit ou pou fè yon desen salklas li a. Ede pitit ou fè yon lis aktivite li fè nan klas la.
27	28	29	30	31		
Pase tan ak fanmi an, konplete yon jwèt kastèt ansanm.	Repase pati yon liv avèk pitit ou ak nan ki direksyon nou li mo yo.	Li yon liv alfabè, mande pitit ou pou l endike ak dwèt li lèt ki lan non li.	Pratike di non jou semèn yo.	Fè pitit ou pratike ekri epi rekonèt prenon ak non li.	<b>Konsantrasyon pou mwa sa a:</b> <b>1. Repase pati yon liv.</b> <b>2. Pitit ou pral pratike ekri non li ak lèt yo.</b> <b>3. Pale sou enpòtans zanmitay.</b>	

### Liv yo sijere pou li mwa sa a:

Liv lekòl matènèl- "Llama, Llama, Misses Mama," "The Kissing Hand," "The Night Before Preschool." Liv sou zanmitay- "Will I have a Friend?"

Liv alfabè- "Chicka, Chicka, Boom Boom," "Click, Clack, Quackity, Quack," "LMNO Peas," "Dr. Seuss's ABC An Amazing Alphabet Book."



# SEPTANM 2023

Eksperyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl →  
Aktivite pou Jadendanfan



DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon pou mwa sa a:</b>					1	2
<b>1. Li ak Ekri - Identifye epi ekri lèt alfabè yo.</b> <b>3. Matematik - Konte</b> <b>2. Konprann 5 sans yo</b> <b>4. Pale sou santiman ak emosyon</b>					Sware jwèt an fanmi, jwe nan Suiv Lidè a.	Pale sou santiman, tris, kontan, eksite, pè, enkyete. Mande pitit ou pou l pataje moman li te genyen youn nan santiman sa yo.
3	<b>Jou Travayè</b> 4	5	6	7	8	9
Pase tan ak fanmi, fè pitit ou ede prepare yon repa.	Li, "How Do You Feel?" (Kijan w Santi w) Kreye yon tablo santiman nan itilize emoji epi sèvi ak li pou anseye pitit ou a rekonèt kijan ekspresyon vizaj yo gen rapò ak santiman yo.	Konte atik nan alantou kay la, jwèt, bouton, kiyè. Fè li amizan!	Pale sou 5 sans yo. Mande ki pati nan kò nou itilize pou n wè, tandè, touche, santi, ak goute. goute Kijan nou itilize sans nou yo pou yo ede nou?	Mete etikèt sou atik yo ak zòn nan kay la. Sèvi ak sa yo pou pratike idantifikasyon lèt ak lekti nan klas la.	Sware Jwèt an Fanmi Amize nou sote, ponpe,	Fè yon ti pwomnad nan lanati, fè pitit ou itilize sans li yo pou l dekri anviwònman an pandan pwomnad la.
10	11	12	13	14	15	16
Pase tan ak fanmi, Jwe jwèt pitit ou pi renmen an, li liv li preferè, oswa kwit yon manje li pi renmen, ansanm.	Li yon liv sou yon pèsonaj ki te santi l tris, fè pitit ou pale sou yon moman kote li te tris epi kijan li te jere santiman sa a.	Ranje yon jwèt kat selon koulè, fòm, oswa chif ki sou li.	Pwomnad sou sans, ranpli 5 resipyan ak pwa nwa, krèm pou raze, dlo, pèl dlo, sab. Aliyen yo, mande pitit ou pou l predi kilès k ap gliyan, di, oswa mou. ale nan chak resipyan pou tcheke prediksyon l yo.	Ankouraje pitit ou pratike ekri non li.	Sware jwèt an fanmi, jwe "Simon Says" (Simon di)	Fè pitit ou ede ak tach yo nan mande l netwaye jwèt li yo, klase yo pa piti, mwayen ak gwo.
17	18	19	20	21	22	23
Pase tan ak fanmi, fè yon fèt ki gen danse ak chante pitit ou preferè yo.	Li Llama, "Llama, Mad at Mama," diskite sou yon moman kote pitit ou a te fache. Kisa ki te fè pitit ou fache epi kijan sa te rezoud?	Pratike konte, kòmanse avèk 1-5, nan fè pitit ou konte konbyen epi montre chif lan avèk dwèt li.	Teste gou a, itilize sitwon, pòm, chips, sirèt, chokola an poud. Mande pitit ou pou l predi si atik la ap dous, sale, si, oswa anmè. Fè pitit ou teste prediksyon li nan gouste chak.	Avèk lakrè, fè pitit ou ekri lèt li konnen yo..	Sware Jwèt an Fanmi, jwe jwèt kachkach.	Vizite bibliyotèk lokal ou a pou prete liv sou zanmitay ak emosyon.
24	25	26	27	28	29	30
Pase tan ak fanmi, Tan fanmi, Jwe "I Spy" pandan yon woulib machin epi mande pitit ou a pou l espesifik nan ajoute koulè ak fòm.	Fini mwa a nan repase emosyon epi mande, Kijan ou ta santi si...? Pale sou yon lè ou te efreye. Kijan sa fè w santi ou lè...?	Mande pitit ou pou l deplase nan diferan fason (sote, bondi, sote), konte chak nan mouvman yo.	Kreye yon linèt ou fè lakay ou avèk 2 tib papye ijyenik, kole yo ansanm. Fè pitit ou itilize linèt yo pou eksplòre anviwònman, pou l di sa li wè an detay.	Ranpli yon fèy ti bonbon avèk krèm pou raze mande pitit ou pou l ekri lèt alfabè yo.	Sware Jwèt an Fanmi, jwe jwèt sou plato pitit ou pi renmen an.	Mande pitit ou pou fè yon desen sa ki fè li kontan nan lekòl la.

## Liv yo sijere pou li mwa sa a:

Liv sou emosyon- "Llama, Llama, Mad at Mama," "The Pigeon has Feelings, Too!" "Where Happiness Begins," "My Heart Fills with Happiness," "Inside my heart and in my head...Feelings."  
 Liv sou 5 Sans yo- "Here are my Hands," "Me and My Senses," "I Hear a Pickle."



# OKTÒB 2023

Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl →  
Aktivite nan Jadendanfan



DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon sou mwa sa a:</b>						
<p>1. Li ak ekri- Kontinye konsantre sou lèt yo, toude majiskil ak miniskil, kòmanse ajoute son lèt, rime, fè prediksyon, santiman karaktè,</p> <p>2. Matematik - Itilize mo ki endike pozisyon avèk pitit ou tankou: below (anba), over (anlè), behind (dèyè), in front of (anfas/devan), next to (sou kote), against (kont), before (avan), after (aprè), around (otou), on (sou). Pou entwodui mo sa yo, li liv "We're Going on a Bear Hunt."</p> <p>3. Pitit ou pral pratike ekri non li, itilize lakrè, krèm pou raze, oswa ajil. Fè l amizan!</p>						
1	2	3	4	5	7	8
Tan pou fanmi, travay sou yon kastèt.	Li yon liv ki konsantre sou mo ki endike pozisyon, pale sou mo sa yo.	Ranje objè daprè gwosè, fòm oswa koulè epi konte yo.	Tan pou fè rim, pale sou mo ki rime, cat/hat. Mande pitit ou a sa li tande. Pratike avèk lòt mo.	Rekonèt epi nonnen fòm nan anviwonman an, pale sou pozisyon yo.	Sware Jwèt an Fanmi , jwe Candyland oswa Chutes and Ladders.	Ale fè yon pwomnad nan lanati, itilize mo ki endike pozisyon pou dekri sa ou wè.
8	9	10	11	12	13	14
Tan ak fanmi, fè pitit ou a ede ak dine nan mezire engredyan ak melanje yo ansanm.	Konsantrasyon lekti semèn sa a, fè prediksyon. Mande pitit ou a gade kouvèti a epi di w sou kisa yo panse liv la pral pale.	Rasanble 10 objè, touche chak objè epi konte yo youn aprè lòt.	Moman pou fè rim! Li rim chante pou fè timoun dòmi, pale sou mo ki rime.	Pratike lèt ak ekri non.	Sware jwèt an fanmi, jwe "Simon Says" (Simon di).	Jwe "I Spy" avèk mo ki endike pozisyon. "Mwen wè yon zwazo sou tèt yon machin ble."
15	16	17	18	19	20	21
Pase tan ak fanmi, gade fim pitit ou a pi renmen an.	Konsantrasyon lekti semèn sa a, itilize ilustrasyon pou ede rakonte istwa a.	Konte 1-10, mande pitit ou pou l frape pye oswa bat men chak fwa li konte. <b>Ekspozisyon Lekòl</b>	Moman pou fè rim! Pataje mo ki rime (hat, bat), mande pitit ou di mo yo. Pratike avèk lòt mo.	Avèk atik toulejou, fè pitit ou a idantifye lèt li konnen.	Sware Jwèt an Fanmi , jwe jwèt Sware jwèt an fanmi, jwe Suiv lidè a. (Follow the Leader), sote ak 2 pye, kouri, sote sou yon pye, sote. Fè lidè youn aprè lòt.	Ale achte manje, itilize mo ki endike pozisyon pou fè pitit ou pran atik sou etajè a.
22	23	24	25	26	27	28
Tan ak fanmi fèt pou danse.	Konsantrasyon lekti semèn sa a, pèsonaj nan yon istwa. Mande, "Kilès ki pèsonaj yo epi kijan yo santi yo?"	<b>Fè gwoup objè, pa plis pase 10 nan yon gwoup. Mande pitit ou konte epi di w konbyen ki nan chak gwoup.</b>	Moman pou fè rim! Di mo ki rime. Mande pitit ou pou l di w kèk mo ki rime.	Amizman avèk lèt. Kite pitit ou chwazi yon aktivite amizan pou pratike lèt.	Sware jwèt an fanmi, jwe Uno.	Jwe jwèt Joumou avèk mo ki endike pozisyon. Mete anba tab la, joumou a sou tab la, sou kote tas la.
29	30	<b>Halloween 31</b>	<p><b>Ou enterese nan yon Pwogram Espesyalizasyon pou timoun ou k ap antre nan Jadendanfan an?</b></p> <p><b>Ale nan Ekspozisyon Lekòl nan dat 17 oktòb 2023 nan South Florida Fairgrounds soti 4:00 rive 8:00 p.m.</b></p> <p><b>Pou plis enfòmasyon ale nan <a href="#">Showcase of Schools</a></b></p>			
Pase tan ak fanmi, repoze, relaks, epi li. Click, Clack, Boo!	Lekti ap konsantre semèn sa a, kesyon ouvè. Mande ki pati ou pi renmen nan istwa a epi di poukisa.	Itilize 5 sans ou pou jwi jounen an. Kisa ou wè, tande, pran sant, gouste, ak touche.				

## Liv yo sigjere pou li mwa sa a:

Mo ki endike pozisyon-"We're Going on a Bear Hunt," "Rosie's Walk," "up & down," "Where is Bear," "In-between Things," "Cat up, Cat down."

Liv rim- "Brown Bear, Brown Bear, What do you See?" "Bear Snores On," "Llama, Llama Red Pajama," "The Big Red Barn," "Goodnight, Goodnight, Construction Site."

Liv Halloween- "Click, Clack, Boo!" "10 Little Pumpkins," "Pete the Cat, Trick or Pete."



# NOVANM 2023

Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl →  
Aktivite nan Jadendanfan



DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDR EDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon pou mwa sa a:</b>			1	2	3	4
<b>1. Li ak Ekri- Poze kesyon pandan lekti, pratike rim, ak idantifikasyon lèt.</b> <b>2. Matematik- Konprann fòm ak atribi yo, konte konbyen kote ak somè (kwen).</b>			<a href="#">Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon Anplennè</a>  Pratike nonb ak yon jwèt "hopschotch".	Repase lèt ak son pitit ou konnen.	Sware Jwèt an Fanmi , jwe jwèt lagokache.	Lekti avèk flach, Li avèk flach, lè pou ale dòmi fè pitit ou chwazi liv yo pi renmen an, pran yon flach, etenn limyè yo.
5	6	7	8	9	10	11
Tan ak fanmi, fè pitit ou mezire engredyan pou desè yo pi renmen an.	Konsantrasyon lekti semèn sa a, poze yon kesyon tankou, "Kisa ou panse ki pral rive aprè?"	Montre pitit ou fòm, mande pou l nonmen yo. pale avèk pitit ou sou karakteristik fòm (kote ki dwat, koub, kwen).	Moman pou fè Ri Di 2 mo epi mande pitit ou si yo rime.	Fè pitit ou pratike ekri non li ak tout lèt li konnen.	Sware Jwèt an Fanmi, fè yon jwèt kastèt ansanm	Ale lachas dèyè fòm avèk pitit ou, chèche kare, rektang, triyang, sèk.
12	13	14	15	16	17	18
Pase tan ak fanmi, prepare dejene ansanm.	Konsantrasyon lekti semèn sa a, dekri emosyon pèsonaj. Mande pitit ou kijan pèsonaj yo te santi yo nan diferan pati istwa a.	Entwodui kare, repase karakteristik li. Mande pitit ou pou l jwenn objè ki kare nan alantou kay la.	Li yon liv ki rime. Aprè lekti a, mande pitit ou pou l di w kèk nan mo ki rime li tande.	Tan amizman ABC, mande pitit ou kijan li ta renmen pratike lèt jodi a.	Sware jwèt ak fanmi an, melanje yon pil kat, distribye yo egalman fas anba Anmenmtan chak jwè vire yon kat epi deside kimoun ki genyen pi gwo chif la.	Ale fè yon pwomnad nan lanati, chèche fòm fèy yo, wòch, ak nyaj.
19	20	21	22	23	24	25
Pase tan ak fanmi, ansanm, kreye yon èvda pou afiche nan kay la.	Konsantrasyon lekti semèn sa, pandan n ap li montre yon imaj ak dwèt nou epi mande pitit ou "Kisa k ap pase nan imaj sa a?"	Jwèt Sèk, repase karakteristik yon sèk. Montre pitit ou diferan fòm epi mande l si se yon sèk. Fè pitit ou eksplike si wi ou non, poukisa.	Fè pitit ou desine yon imaj bagay li rekonesan pou li.	<b>Bòn Fèt Thanksgiving!</b> Fè pitit ou ede dekore epi mete kouvè.	Sware Jwèt an Fanmi , "Mystery Bag." (Sache mistè) Chak manm fanmi mete yon objè nan yon sache. Yo pral bay endis vèbal sou sa ki anedan l. Kite manm fanmi yo touche sache epi fè devinèt avan ou revele objè ki ladan an.	Lè w ap fè lesiv, mande pitit ou a pou l klase ak matche rad yo youn nan fason sa yo koulè, gwosè, oswa kalite rad.
26	27	28	29	30		
Pase tan ak fanmi, Fè pitit ou a chwazi yon fim pou fanmi an gade ansanm	Konsantrasyon lekti semèn sa a, poze yon kesyon Eske w kapab di m sa ke te Pase... » »	Entwodui rektang lan, montre Yon kare ak yon rektang. Mande pitit ou kisa ki menm ak Kisa ki diferan.	Ankouraje kiryozi pitit ou a nan jwenn repons "Poukisa syèl la ble?"	Revize rektang nan. Fè pitit ou al cheche rektang lakay you oswa nan yon owomnad.		

## Liv yo sijere pou li mwa sa a:

Liv sou rim- "Duck in the Truck," "The Very Cranky Bear," "The Pout-Pout Fish," "Frog on a Log." Liv sou Thanksgiving- "The Thank You Book," "Pete the Cat, The First Thanksgiving," "Bear Says Thanks." Liv fòm- "Love, Triangle," "Color Zoo," "City Shapes." Liv kesyon- "The Empty Pot," "Wolf's Coming."



# DESANM 2023

Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl  
Aktivite pou Jadendanfan



DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon pou mwa sa a:</b>						1
<b>1. Li ak Ekri - Li liv pitit ou pi renmen yo epi kontinye pratike rim. Entwodui silab.</b> <b>2. Matematik - Konte jiska 5 Sware jwèt fanmi:</b> <b>3. Apresye tan ou avèk fanmi w. Pale sou tradisyon fèt avèk pitit ou:</b>						Al amize w deyò pou jwe espò pitit ou pi renmen an.
2	3	4	5	6	7	8
Pase tan ak fanmi, kreye yon lis tradisyon fèt ou yo.	Konsantrasyon nan lekti ak ekriti semèn sa a, rim. Di pitit ou pou l koute son final la avèk atansyon. Di 2 mo, mande pitit ou pou l bat men l si yo rime.	Konsantrasyon nan Matematik, nonb 1 ak 2. Montre pitit ou kijan pou l ekri nonb ak kijan pou l reprezante yo avèk objè.	Tan pou fè rim, kontinye avèk jwèt rim nan.	Fè pitit ou fè yon liv ABC, nan ekri lèt yo epi desine yon imaj ki matche.	Sware jwèt an fanmi, travay sou rezoud pwoblèm ak teknik panse kritik nan jwe "Jenga".	Amize nou nan sote kòd. Mande pitit ou pou l konte konbyen fwa li kapab sote san rete.
9	10	11	12	13	14	15
Pase tan ak fanmi, ale fè yon pwomnad nan machin epi apresye dekorasyon fèt yo.	Konsantrasyon nan lekti ak ekriti semèn sa a, konte silab. Frape men pou chak silab nan yon mo. Di "water", bat men w de (2) fwa (wa-ter). Mande l konbyen silab? Pratike! Pratike avèk 5 mo.	Konsantrasyon nan Matematik, nonb 3 ak 4. Montre pitit ou kijan pou l ekri yo epi konbyen chak reprezante. Mande pitit ou pou l demontre nonb yo.	Pratike silab jodi a. Mande pitit ou pou l frappe pye l pou chak silab ki nan yon mo. Mande konbyen silab aprè chak mo.	Fè pitit ou kontinye travay sou liv ABC. Fè pitit ou kreye yon kouvèti pou liv la. epi ekri non li kòm otè a.	Sware Jwèt an Fanmi , jwe jwèt sekans pou timoun. Jwèt sa a bati rezonman ak abilitè nan estrateji.	Ale deyò, fè yon pwomnad oswa monte bisiklèt.
16	17	18	19	20	21	22
Pase tan ak fanmi, kwit kèk resèt fanmi an prefere	Konsantrasyon lekti semèn sa, li liv sou fèt pitit ou pi renmen yo.	Konsantrasyon nan Matematik, nonb 5. Montre pitit ou kijan pou l ekri yon 5 ak kijan pou l reprezante l avèk objè. Repase nonb 1-4. Mande pitit ou pou l ekri nonb 1-5 epi reprezante yo avèk objè oswa sèk.	Chwa lib, mande pitit ou si li vle pratike rim oswa silab.	Fè pitit ou a mete dènye touch nan liv ABC li a, nan ajoute koulè.	Sware jwèt an fanmi, bati yon bonom avèk gimov.ak friyandiz ki manjab. Amize w!	Pase jounen an byen relaks avèk liv fèt pitit ou pi renmen an.
23	24	25	26	27	28	29
Apresye tan ou avèk fanmi w pandan sezon fèt la.	Tan ak fanmi, jwenn tan pou li chak swa.	Tan ak fanmi, pase, pase tan na amize w avèk zanmi ak fanmi.	Tan ak fanmi, prepare yon repa ansanm.	Tan ak fanmi, sware sinema.	Sware jwèt an fanmi, fè pitit ou chwazi jwèt la.	Vizite bibliyotèk la pou w tcheke liv pitit ou a pi renmen
30	31					
Planifye yon jou anplèn oswa prepare yon dine espesyal ansanm	Lavèy Joudlan Pale avèk pitit ou sou tout bagay yo te aprann ane sa a.					

## Liv yo sijere pou li mwa sa a:

Liv jou fèt- "Llama, Llama Holiday Drama," "Chicken on Vacation," "Snowmen at Night," "Hanukkah Lights," "My First Kwanzaa."

Liv nonb- "Chicka, Chicka One, Two, Three," "Five Little Monkeys Jumping on the Bed," "Pete the Cat and his Four Groovy Buttons," "On the Launch Pad."



# JANVYE 2024

Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl →  
Aktivite nan Jadendanfan



DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
Bòn Ane!	1	2	3	4	5	6
<b>Konsantrasyon Lekti ak Ekriti mwa sa a, konekte enfòmasyon ak ide pitit ou deja konnen avèk sa l ap li.</b>	Konsantrasyon lekti semèn sa a, koneksyon kesyon pandan l ap li, "Kisa sa fè w sonje?" sa fè w sonje?" Gade si pitit ou konekte yon bagay ki nan liv la ak lavi li.	Konsantrasyon Matematik, nonb 6 ak 7. Montre pitit ou kijan pou l ekri yo epi konbyen chak reprezante. Mande pitit ou pou l demontre nonb yo.	Jwèt lèt, di son yon lèt epi mande pitit ou pou l bay non lèt la.	Fè pitit ou pratike ekri prenon ak non li. Kite pitit ou chwazi kijan pou l pratike (kreyon lasi, kreyon, lakrè, krèm pou fè bab). lakrè, krèm pou fè bab).	Sware Jwèt an Fanmi, fè yon jwèt kastèt ansanm	<b>Cuddle Up Day (Jounen Karès)</b> Fè chokola cho, karese pitit ou epi gade fim li pi renmen an.
7	8	9	10	11	12	13
Tan ak Fanmi, mande pitit ou èd pou prepare desè. Fè pitit ou mezire epi brase engredyan yo. Amize nou!	Konsantrasyon lekti semèn sa a, ajoute yon nouvo kesyon koneksyon, "Kijan <u>sa</u> sanble ak ____?"	Konsantrasyon nan Matematik, nonb 8 ak 9. Montre pitit ou kijan pou l ekri yo epi konbyen chak reprezante. Mande pitit ou pou l demontre nonb yo.	Jwèt lèt, montre yon lèt, mande pitit ou pou l di w lèt la ak son li. lèt la ak son li.	Pratike ekri nonb 1-9.	Sware jwèt an fanmi, bati yon estrikti ak ti blòk. Konte konbyen blòk nou te itilize.	Vizite bibliyotèk nan lokal ou epi ede pitit chwazi liv pou tcheke pou mwa sa a. pou tcheke pou mwa sa a.
14	15	16	17	18	19	20
Pase tan ak fanmi, pwofite yon piknik an fanmi oswa lòt aktivite deyò.	Konsantrasyon lekti semèn sa a, ajoute yon lòt kesyon koneksyon, "Èske w te janm ____?" "Èske w te janm ____?"	Konsantrasyon Matematik, nonb 10. Montre pitit ou a kijan pou l ekri 10 epi konbyen chak reprezante. Mande pitit ou pou l fè demonstrasyon nonb nan.	Fè pitit ou kreye yon desen epi mande l, "Èske w kapab pale m de desen w lan?"	<b>Winnie the Pooh Day</b> Li liv Winnie the Pooh pitit ou pi renmen.	Sware jwèt an fanmi, jwe Jwèt Memwa matche pè.	Fè pitit ou òganize jwèt li yo nan triye yo. Kite l chwazi kijan pou l triye yo (koulè, gwosè, tip).
21	22	23	24	25	26	27
Tan ak fanmi, chwazi yon resèt pou dine epi fè pitit ou ede nan prepare repa.	<b>Selebre Semèn Lekti ak Ekriti</b> Konsantrasyon lekti, itilize kesyon koneksyon pandan lekti a.	Repase nonb 1-10. Fè elèv ou a ekri chak nonb epi fè yon desen pou montre konbyen pou chak nonb.	Fè pitit ou chèche nan kay la pou l jwenn lèt li konnen, di lèt la, di son li.	Chita avèk pitit ou epi kreye yon lis makèt. Pale sou lèt ak son ki nan kòmansman lèt nan chak atik ki nan lis la.	Sware jwèt an fanmi, fè yon jwèt "Go Fish"	Pwomnad nan lanati, fè pitit ou predi kisa van fè fèy yo. Kijan van an chanje tanperati a.
28	29	30	31	Telekopye app Vroom nan. Chak jou Vroom pral delivre yon aktivite konstriksyon sèvo ki senp epi amizan pou ou ak pitit ou. Ale nan <a href="http://Vroom.org">Vroom.org</a> pou enfòmasyon.		
Tan ak fanmi, repoze,relaks, epi li.	Konsantrasyon lekti semèn sa a, entwodui liv non fiksyon, konsantre sou mo ki enteresan. Pale sou mo ak siyifikasyon yo.	Anseye pitit ou nimewo telefòn ou.Pratike chak jou.	Konsantre sou fen son nan yon mo. Di mat, di pitit ou dènye son an. Mande pitit ou a lòt mo ki fini avèk son sa a. Repete avèk lòt son ki fanmiye.			

## Liv yo sijere pou li mwa sa a:

**Liv pou fè koneksyon:** "Waiting is not Easy," "Ruby Finds a Worry," "The Rainbow Fish," "Bread and Jam for Frances."

**Liv nonb:** "Ten, Nine, Eight," "Quack and Count," "One Duck Stuck," "Ten Black Dots," "Mouse Count."





# FEVRIYE 2024

Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl →

Aktivite pou Jadendanfan



DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon pou mwa sa a:</b>				1	2	3
<b>1. Li ak Ekri- Tèks enfòmasyon pou devlope vokabilè, konesans debaz, ak ladrès panse kritik pitit ou a. Tip tèks enfòmatif enkli liv enfòmasyon sou syans ak syans sosyal, pwosedri kijan pou fè yon bagay, ak naratif ki pa fiksyon. Chak semèn, chwazi yon tip tèks enfòmatif.</b> <b>2. Konsantrasyon nan Matematik, nonb 11 - 17.</b>				Fè pitit ou a kreye yon liv nonb. Ekri nonb 1-10 epi desinen atik pou reprezante nonb lan. Nimewo a	Sware Jwèt an Fanmi , jwe "high-low" (wo-ba) avèk yon jwèt kat. jwèt kat. Kat pou distribye, chak moun vire yon kat, deside kiyès ki genyen pi gwo kat la ak pi piti kat la.	Jou vizit bibliyotèk. Ede pitit ou chwazi liv enfòmatif pou l prete.
4	5	6	7	8	9	10
Pase tan ak fanmi, fè egzèsis ansanm. Kouri, sote sou yon pye epi sote ansanm.	Chwazi yon tèks enfòmatif pou semèn nan, pale sou karakteristik tèks la. Chwazi yon topik Chwazi yon topik pitit ou enterese ladan l, rete avèk topik sa a pou semèn nan.	Repase nonb 1-10. Entwodui 11 ak 12, ki montre nonb ak atik pou reprezante nonb yo.pou reprezante nonb yo.	Konsantrasyon sou fen son nan yon mo. Di mo yo. Di mo yo epi mande pitit ou ki son ki nan fen mo a.	Fè pitit ou ajoute nonb 11 ak 12 nan liv matematik li.	Sware Jwèt an Fanmi, aswè a pitit ou ap chwazi jwèt pou nou jwe a.	Ale fè yon pwomnad epi pale sou zanmitay. Pale sou sa sa vle di pou moun zanmi ak fason pitit ou pataje avèk zanmi.
11	12	13	14	15	16	17
Pase tan ak fanmi, kreye kat Sen Valanten pou fanmi ak zanmi	Chwazi yon tèks enfòmatif pou semèn nan, pale sou karakteristik tèks la. Chwazi yon topik Chwazi yon topik pitit ou enterese ladan l, rete avèk topik sa a pou semèn nan.	Repase 1-12 epi entwodui 13 ak 14, ki montre nonb ak atik pou reprezante nonb yo.	Mande pitit ou pou fè yon desen epi ekri on bagay li te aprann nan tèk enfòmatif la. Mande l kisa li ekri	Fè pitit ou ajoute nonb 13 ak 14 nan liv matematik li.	Sware jwèt an fanmi, jwe "Simon Says" (Simon di).	Pandan yon pwomnad a pye oswa nan machin, gade pano siyalizasyon nan lari yo. Pale sou fòm, koulè, ak sa yo vle di.
18	19	20	21	22	23	24
Pase tan ak fanmi, repoze, relaks, epi li.	Chwazi yon tèks enfòmatif pou semèn nan, pale sou karakteristik tèks la.Chwazi yon topik pitit ou a renmen, rete avèk topik sa a pou semèn nan	Repase 1-14 epi entwodui 15 ak 16, ki montre nonb ak atik pou reprezante nonb yo.	Konsantrasyon sou fen son nan yon mo. Di mo yo. Di mo yo epi mande pitit ou ki son ki nan fen mo a.	Fè pitit ou ajoute nonb 15 ak 16 nan liv matematik li.	Sware jwèt an fanmi, fè yon jwèt chekè.	Pandan yon pwomnad a pye oswa nan machin, pratike di oswa chante jou semèn yo.
25	26	27	28	29		
Pase tan ak fanmi, fè pitit ou chwazi mezire engredyan yon resèt li pi renmen, mezire ak melanje engredyan yo	Chwazi yon tèks enfòmatif pou semèn nan, pale sou karakteristik tèks la. sou karakteristik tèks la.Chwazi yon topik pitit ou a renmen, rete avèk topik sa a pou semèn nan	Repase 1-16 epi entwodui 17 ak 18, ki montre nonb ak atik pou reprezante nonb yo.	Konte silab, di "party" epi bat men pou chak silab Par-ty, 2 silab. Pratiye avèk lòt mo ki fanmiye, mande pitit ou pou l di mo, bat men epi konte siblab. bat men epi konte siblab.	Fè pitit ou ajoute nonb 17 ak 18 nan liv matematik li. Liv		

## Liv yo sijere pou li mwa sa a:

Tèks enfòmatif- Chwazi topik pitit ou pi enterese ladan yon tankou, matyè, lespas, sik lavi yon papiyon, plant, animal, kijan pou fè (resèt, atizay, ekspreyans syantifik), ak espò.

Naratif ki pa fiksyon- "Leo the Snow Leopard," "Knut, How One Little Bear Captivated the World," "Because of an Acorn," "A Nest is Noisy."

Biyografi- "Dinosaur Lady," "Shark Lady: The True Story of How Eugenie Clark Became the Ocean's Most Fearless Scientist."



# ME 2024



## Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènè → Aktivite pou Jadendanfan

DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI	
<b>Konsantrasyon pou mwa sa a:</b>							
<b>1. Konsantre sou Li ak Ekri - Vokabilè ki rich epi repete yon istwa ki konsantre sou kòmansman, mitan, ak fen.</b> <b>Konsantre sou matematik - Estime san konte (rekonèt imedyatman konbyen ki genyen nan yon ansanm 5). Estime Direksyon san konte - Sèvi ak lego, mete yon lego nan yon men ak de (2) nan lòt men an. Di pitit ou a ou pral montre Lego yo pou kèk segond epi yo pral bezwen konsantre sou konbyen ki nan men ou. Fèmen men w epi mande, "konbyen Lego?" Pratik nan chanje kantite Lego ki nan men w chak fwa.</b>				1	2	3	4
				Mande pitit ou a pou l fè yon desen aktivite li pi renmen nan ane PreK. Mande li pou l di ou ki desen li ye.	Pratike kòmansman rim. Rim se son ki nan fen mo ( <b>at, ot, in, an, ake</b> ). Kòmanse avèk bat, mande pitit ou pou l di yon nouvo mo, nan chanje premye lètson an (b tounen h pou fè "hat"). Jwenn chemen ou nan mitan rim chak jou.	Sware jwèt an fanmi, fè pitit ou chwazi jwèt la.	Vizite bibliyotèk ou a jodi a pou prete liv ki entereze pitit ou. Ankouraje pitit ou eksplòre liv pwezi.
5	6	7	8	9	10	11	
Tan ak fanmi, ale monte bisiklèt, al mache, oswa fè yon pwomnad panoramik.	Li "Giraffe and Bird." Diskite ak pitit ou a mo vokabilè rich nan tèks la. rete, anvayi, pèche, kraze, tris, annwiye, twouble, dekanpe, redwi	Estime san konte nan swiv matematik konsantre pi wo a, kontinye avèk 3 kib. Fè l plizyè fwa, fwa sa a di fraz adisyon an. Egzanp: Wi, 2 + 1 kib=3 kib.	Mande pitit ou a kisa li ta renmen pratike jodi a.	Pratike kòmansman rim. Chwazi rim nan, bay yon mo, epi mande pitit ou a pou l chanje premye lèt la pou kreye yon nouvo mo, kontinye jiskaskè pitit ou a pa ka panse ak okenn nouvo mo.	Sware Jwèt an Fanmi, jwe jwèt flach.	Ale nan plaj, fè pitit ou predi kijan solèy la chanje tanperati dlo a, kijan van an chanje vag yo, sa solèy la fè sab la.	
<b>Jou Fèt Manman 12</b>							
Pase jounen an nan kreye souvni!	Li "Stellaluna," pale sou vokabilè ki rich avèk pitit ou pandan w ap li. etoufan, anbrase, mele, grenpe, desann, bwate	Estime san konte, ajoute 1 kib anplis pou fè yon total 4. Kreye diferan konbinezon nan men w, montre pandan 2 segond epi mande konbyen.	Montre pitit ou yon kat ki gen lèt, mande l ki lèt li ye ak son li. Fè pitit ou di mo ki kòmanse avèk lèt sa a. Repete avèk lòt lèt yo.	Pratike kòmansman rim	Sware Jwèt an Fanmi, jwe Suiv Lidè a. (Follow the Leader), sote, sotiye, ak ponpe.	Ale pwonmen epi jwe "I Spy", jwenn diferan fòm pandan pwomnad la.	
19	20	21	22	23	24	25	
Tan ak fanmi, amize w nan solèy la.	Mande pitit ou pou l chwazi yon liv, li ansanm epi mande l pou repete w istwa a. konsantre sou kòmansman, mitan, ak fen.	Kontinye estime san konte, nan travay avèk yon total 5 kib. Kreye diferan konbinezon, mande pitit ou konbyen.	Mande pitit ou a pou l kreye yon kat pou pwofesè PreK pou l remèsye li pou yon gwo ane aprantisaj.	Pratike kòmansman rim	Sware Jwèt an Fanmi, ale deyò epi soufle boul nan itilize diferan gwosè ralonj epi wè ki ès ki fè pi gwo boul.	Fè pitit ou ode nan lesiv, pratike abiltè l pou l triye.	
26	27	28	29	Dènye Jou nan Matènè! 30		31	
Tan ak fanmi, prepare yon repa ansanm.	Kontinye travay sou konpetans nan tounen rakonte istwa a. Raple pitit ou pou l pa di tout bagay.	Nan travay avèk 5 kib, kontinye kreye konbinezon, mande pitit ou konbyen epi aprè kreye fraz ki gen nonb (2 + 3 = 5).	Selebre reyalizasyon pitit ou nan Matènèl. Pitit ou k ap aprann, fè zanmi, epi k ap eseye nouvo bagay.	<b>Vakans ete kòmanse! Li enpòtan pou li chak jou pandan ete a avèk pitit ou epi kontinye pratike konpetans li te aprann nan Matènèl yo.</b>			

### Liv yo sijere pou li mwa sa a:

Liv imaj avèk vokabilè ki rich- "Giraffe and Bird," "Stellaluna," "Run Wild," "Words for Little People," "Lexie the Word Wrangler." Liv Matematik avèk imaj- "Ones and Twos," "What comes in 2's, 3's, & 4's?" "Five Little Ducks." "Quack and Count."



# AVRIL 2024



## Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl → Aktivite pou Jadendanfan

DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon pou</b>						
1. Avril se Mwa Pwezi-mwa sa a pale sou pwezi epi li pwezi avèk pitit ou. 2. Nan matematik n ap konsantre sou mezi. Chak semèn pitit ou pral mezire objè nan itilize divès zouti.						
	1	2	3	4	5	6
Kòmanse pale sou jadendanfan avèk pitit ou.	Entwodui pwezi, kòmanse pataje avèk pitit ou chansan ak pwezi ki konekte. Chwazi yon chansan Chwazi yon chansan pitit ou renmen, enprime pawòl yo epi aprè li yo pou pitit ou. Pale sou mo	Itilize fil, lego, klip papyè oswa lòt atik pou mezire bagay nan kay la. Diskite konbyen tan li ye	Di yon mo ki genyen 2 silab. Bat men pou chak silab. Mande konbyen silab? Pratike plizyè mo avèk pitit ou. wobo, solèy, dlo, napkin, piknik, jiska	Pratike ekri nonb 1-20, mande pitit ou pou l desinen sèk pour reprezante chak nonb.	Sware Jwèt an Fanmi, jwe Candyland oswa Chutes and Ladders.	Pale sou èt vivan (kapab grandi, bezwen manje ak dlo, tankou yon ti chyen ak yon timoun, semans ak yon plant). ak yon chyen, yon ti bebe ak yon timoun, semans ak yon
7	8	9	10	11	12	13
Ede nan prepare dine nan mezire engredyan epi melanje yo ansanm.	Li kèk nan rim pitit ou a pi renmen Mande pitit ou pou l di w kèk mo ki rime.	Mezire atik nan kay la itilize yon règ, riban pou mezire, oswa yon mezi. Ede pitit ou nan li mezi a.	Repanse epi pratike 2 mo silab Sonje bat men pou chak silab panye, sof si, kabin, abitud, robin, fini, fize, rive	Fè pitit ou pratike nimewo telefòn ou: Montre pitit ou kijan pou l ekri li.	Sware jwèt an fanmi, jwe "Simon Says" (Simon di).	Repanse èt vivan, plante semans pwa avèk pitit ou, mande l kisa li panse yo bezwen pou ede semans la pouse. Fè pitit ou a kreye yon journal syans pou swiv pwogrè semans yo.
14	15	16	17	18	19	20
Jodi a se <i>Good Deeds Day</i> . Prepare pou bay anretou nan fè pitit ou triye pami ansyen jwèt ak rad pou fè kado. vètman pou bay.	Li <i>"The Llama Who Had No Pajama : 100 Favorite Poems."</i> Powèm sa yo kouvri plizyè topik Depi animal jiska anivèsè nesans yo	Mezire atik ki sèk oswa mouye avèk kiyè ak tas pou mezire.	Di yon mo epi mande pou yon mo ki rime ak li, kontinye ak plizyè mo. ak li, kontinye ak plizyè mo.	Kite pitit ou chwazi kisa pou l ekri jodi a.	Sware jwèt an fanmi: jwe Suiv lidè a. (Follow the Leader), sote ak 2 pye, kouri, se li ki lidè a	Ede pitit ou selebre Jounen Latè nan netwaye lakou a epi tcheke sou pwogrè plant li yo
21	22	23	24	25	26	27
Tan ak fanmi, fèt pou danse.	Kontinye li pwezi ak pitit ou a, diskite sou mo ki rime yo.	Fè pitit ou chwazi yon zouti pou l mezire. Mezire atik nan kay la. Itilize vokabilè piti, pi kout, pi long.	Montre pitit ou a yon kat ki gen lèt Mande pitit ou a pou l di w lèt la ak son an. Mande ki mo ki kòmanse ak lèt sa a. Repete avèk lòt lèt yo.	Pratike teknik ekriti, nan fè pitit ou ede kreye yon lis manje pou achte nan fen semèn.	Sware jwèt an fanmi, jwe Uno.	Mande pitit ou si l sonje kisa ki fè yon èt vivan oswa pa vivan. Fè pitit ou kategorize bagay nan kay ki se èt vivan/non vivan epi poukisa.
28	29	30	Vizite Distri Lekòl Rejyon Palm Beach Paj Enskripsyon Jadendanfan. Gen anpil resous ki gen anpil valè ladan l pou ede prepare pitit ou a pou jadendanfan pou ede prepare pitit ou a pou jadendanfan. <a href="#">Kindergraten Registration Page</a>			
Tan ak fanmi, fè fèt pwezi, li epi ekri pwezi. avèk pitit ou.	Òganize yon fèt te ak pwezi Prepare te glase oswa tizann epi savoure kèk pwezi.	Ale nan yon lachas trezò. Fè pitit ou a konekte 10 Lego, ale chèche nan kay la atik ki mezire 10 Lego.				

### Liv yo sigjere pou li mwa sa a:

Pwezi- "Eric Carle's Twinkle, Twinkle, Little Star and other Nursery Rhymes," "Digger, Dozer, Dumper," "Shout!: Little Poems that Roar." "Read-Along Rhymes for the Very Young," "The Neighborhood Mother Goose."

Liv Mezi- "Next to an Ant," "A Pig is Big," "Is it Larger? Is it Smaller?" "Just a Little Bit." "Inch by Inch." Liv èt vivan/ki pa vivan- "The Tiny Seed," "Living Things and Nonliving Things-A Compare and Contrast Book."



# ME 2024



## Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènè → Aktivite pou Jadendanfan

DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon pou mwa sa a:</b>						
1. Konsantre sou Li ak Ekri - Vokabilè ki rich epi repete yon istwa ki konsantre sou kòmansman, mitan, ak fen. Konsantre sou matematik - Estime san konte (rekonèt imedyatman konbyen ki genyen nan yon ansanm 5). Estime Direksyon san konte - Sèvi ak lego, mete yon lego nan yon men ak de (2) nan lòt men an. Di pitit ou a ou pral montre Lego yo pou kèk segond epi yo pral bezwen konsantre sou konbyen ki nan men ou. Fèmen men w epi mande, "konbyen Lego?" Pratik nan chanje kantite Lego ki nan men w chak fwa.						
5	6	7	8	9	10	11
Tan ak fanmi, ale monte bisiklèt, al mache, oswa fè yon pwomnad panoramik.	Li "Giraffe and Bird." Diskite ak pitit ou a mo vokabilè rich nan tèks la. rete, anvayi, pèche, kraze, tris, annwiye, twouble, dekanpe, redwi	Estime san konte nan swiv matematik konsantre pi wo a, kontinye avèk 3 kib. Fè l plizyè fwa, fwa sa a di fraz adisyon an. Egzanp: Wi, 2 + 1 kib=3 kib.	Mande pitit ou a kisa li ta renmen pratike jodi a.	Pratik kòmansman rim. Chwazi rim nan, bay yon mo, epi mande pitit ou a pou l chanje premye lèt la pou kreye yon nouvo mo, kontinye jiskaskè pitit ou a pa ka panse ak okenn nouvo mo.	Sware Jwèt an Fanmi, jwe jwèt flach.	Ale nan plaj, fè pitit ou predi kijan solèy la chanje tanperati dlo a, kijan van an chanje vag yo, sa solèy la fè sab la.
<b>Jou Fèt Manman 12</b>	13	14	15	16	17	18
Pase jounen an nan kreye souvni!	Li "Stellaluna," pale sou vokabilè ki rich avèk pitit ou pandan w ap li. etoufan, anbrase, mele, grenpe, desann, bwate	Estime san konte, ajoute 1 kib anplis pou fè yon total 4. Kreye diferan konbinezon nan men w, montre pandan 2 segond epi mande konbyen.	Montre pitit ou yon kat ki gen lèt, mande l ki lèt li ye ak son li. Fè pitit ou di mo ki kòmanse avèk lèt sa a. Repete avèk lòt lèt yo.	Pratik kòmansman rim	Sware Jwèt an Fanmi, jwe Suiv Lidè a. (Follow the Leader), sote, sotiye, ak ponpe.	Ale pwonmen epi jwe "I Spy", jwenn diferan fòm pandan pwomnad la.
19	20	21	22	23	24	25
Tan ak fanmi, amize w nan solèy la.	Mande pitit ou pou l chwazi yon liv, li ansanm epi mande l pou repete w istwa a. konsantre sou kòmansman, mitan, ak fen.	Kontinye estime san konte, nan travay avèk yon total 5 kib. Kreye diferan konbinezon, mande pitit ou konbyen.	Mande pitit ou a pou l kreye yon kat pou pwofesè PreK pou l remèsye li pou yon gwo ane aprantisaj.	Pratik kòmansman rim	Sware Jwèt an Fanmi, ale deyò epi soufle boul nan itilize diferan gwosè ralonj epi wè ki ès ki fè pi gwo boul.	Fè pitit ou ode nan lesiv, pratike abiltè l pou l triye.
26	27	28	29	Dènye Jou nan Matènè! 30		31
Tan ak fanmi, prepare yon repa ansanm.	Kontinye travay sou konpetans nan tounen rakonte istwa a. Raple pitit ou pou l pa di tout bagay.	Nan travay avèk 5 kib, kontinye kreye konbinezon, mande pitit ou konbyen epi aprè kreye fraz ki gen nonb (2 + 3 = 5).	Selebre reyalizasyon pitit ou nan Matènèl. Pitit ou k ap aprann, fè zanmi, epi k ap eseye nouvo bagay.	<b>Vakans ete kòmanse! Li enpòtan pou li chak jou pandan ete a avèk pitit ou epi kontinye pratike konpetans li te aprann nan Matènèl yo.</b>		

### Liv yo sijere pou li mwa sa a:

Liv imaj avèk vokabilè ki rich- "Giraffe and Bird," "Stellaluna," "Run Wild," "Words for Little People," "Lexie the Word Wrangler." Liv Matematik avèk imaj- "Ones and Twos," "What comes in 2's, 3's, & 4's?" "Five Little Ducks." "Quack and Count."



# JEN 2024

## Ekspreyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl → Aktivite pou Jadendanfan



DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon pou mwa sa a:</b>						1
<b>1. Prepare pou Jadendanfan</b> <b>2. Kreye yon jounal ete pou pratike ekriti. Anrejistre yon memwa amizan chak jou, mande pitit ou a desine yon foto epi ekri sou li. Ede pitit ou ak ekriti a.</b> <b>3. Kontinye li chak jou</b> <b>4. Repase epi pratike teknik matematik</b> <b>5. Kreye souvni!</b>						Mande pitit ou pou l ede òganize kouvèti respidan, klase yo apati pi piti rive sou pi gwo.
2	3	4	5	6	7	8
Pase tan ak fanmi, ale sou plaj oswa nan pak epi jwi jounen an.	Fè pitit ou chwazi yon liv pou lè li pral dòmi epi apresye fè lekti avèk flach. Etenn limyè epi pran yon flach oswa itilize telefòn ou.	Pratike estime san konte. Gade fokis sou matematik mwa Me a pou jwenn direksyon.	Repase epi pratike konte silab.	Fè pitit ou pratike ekri prenon ak non li ak siyati ou.	Sware jwèt an fanmi, jwe yon jwèt deyò dapre chwa pitit ou a.	Montre pitit ou adrès lakay li. Pratike! nimewo telefòn ak adrès chak jou
9	10	11	12	13	14	15
Pase tan ak fanmi, ede pitit ou a fè pwòp devinèt li nan koupe yon foto an douz fòm diferan.	Revize nan rakonte yon istwa. Mande pitit ou pou l chwazi yon liv, li ansanm epi mande l pou repete w istwa a.	Fè pitit ou kreye yon senp modèl ak diferan objè.	Repase epi pratike kòmansman rim.	Fè pitit ou pratike ekri lèt majiskil ak lèt miniskil. Kite pitit ou chwazi kijan pou l pratike (lakrè, krèmaraze, makè, kreyon lasi, kreyon).	Sware jwèt an fanmi, jwe Jwèt Memwa.	Ale nan bibliyotèk epi jwenn yon liv sou aprann yon nouvo teknik. Aprè lekti, fè pitit ou pratike teknik la.
<b>Jou Fèt Papa</b> 16	17	18	19	20	21	22
Pase tan ak fanmi, pase jounen an nan kreye souvni.	Pandan n ap li yon istwa, poze yon kesyon tankou, "Kisa ou panse ki pral rive aprè?"	Revize epi pratike mo konpoze.	Revize epi pratike premye son nan mo a. Di yon mo epi mande pitit ou pou l di w premye son an ak lèt la.	Ankouraje pitit ou a fè lekti anviwònman an, ansèy magazen, bwat sereyal, pano siyalizasyon.	Sware Jwèt an Fanmi, jwe jwèt kachkach. itilize mo ki endike pozisyon, "Mwen wè ou anba lenn nan." lenn nan."	Ede pitit ou devlope endepandans nan aprann fason pou l mare lasèt soulye li.
23	24	25	26	27	28	29-30
Pase tan ak fanmi, Jounen dimanch amizan, pase jounen ap fè aktivite amizan. aktivite amizan.	Li yon liv pitit ou chwazi, pale avèk li sou pèsonaj ak evènman yo.	Fè pitit ou idantifye fòm debaz nan anviwònman li epi di karakteristik yo.	Repase epi pratike dènye son nan mo. Di yon mo konpoze epi mande pitit ou pou l di w fen son an ak lèt la.	Di pitit ou 10 mo, mande l premye ak dènye son nan chak mo.	Sware jwèt an fanmi, jwe yon jwèt kat.	Fen Semèn Amizan! Pase fen semèn nan nan fè aktivite fanmi w pi renmen.

### Liv yo sijere pou li mwa sa a:

Lekti pandan ete- "Pete the Cat at the Beach," "And Then Comes Summer," "The Sandcastle that Lola Built," "Jabari Jumps," "I See Summer." "Llama, Llama, Learns to Swim."



# Jiyè 2024



## Eksperyans Mwen nan Jadendanfan Matènèl → Aktivite nan Jadendanfan

DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<b>Konsantrasyon pou mwa sa a: Konte devandèyè pou Jadendanfan Kòmansè!</b>						
1. Li liv mwa sa a pou ede fasilite tranzisyon pitit ou ale nan jadendanfan. 2. Eksplike pitit ou jadendanfan se yon moman pou eseye epi aprann nouvo bagay, epi li ok si li fè fot epi li dwe mande èd lè li bezwen.						
	1	2	3	4	5	6
Pase tan ak fanmi, ale fè yon pwomnad a pye apre dine, pale sou kòmansè jadendanfan ak sa pou li atann. pou li atann	Fè pitit ou pratike pran swen tèt li, abiye (zip/bouton), ak pran swen pwòp bezwen twalèt yo.	Fè pitit ou pratike ekri epi di nimewo telefòn ou.	Jwe "I Spy" avèk premye son mo..., "Mwen wè yon bagay ki genyen son..."	<b>Bòn Fèt 4 Jiyè! Rete pridan</b>	Sware jwèt an fanmi, jwe Jwèt Memwa.	Ale sou plaj epi fè pitit ou pratike ekri non li nan sab la. sab la.
7	8	9	10	11	12	13
Pase tan ak fanmi, fè yon kolaj. Fè pitit ou pratike izaj sizo lè l koupe ansyen foto yo.	Yon lòt abilite enpòtan pou pratike se mande èd. Eksplike pitit ou a pwofesè a la pou ede. Jwe wòl fason pou mande èd.	Fè pitit ou pratike konte pa bak apati 10.	Jwe "I Spy" avèk final mo..., "Mwen wè yon bagay ki genyen son..."	Mete farin oswa sik sou yon fèy aliminyòm epi fè pitit ou pratike ekri nonb yo, lèt ak non li.	Sware Jwèt anfanmi: Fè jwèt dans kanpe sèk. (friz)	Tan lesiv, mande pitit ou a pliye sèvyèt ak chosèt. Sa a devlope ladrès motrisite ak pasyans.
14	15	16	17	18	19	20
Pase tan ak fanmi, pwofite aktivite ou pi renmen yo.	Fè pitit eseye nouvo tach, pou l konnen li ok pou l fè fot.	Fè pitit ou konte atik nan kay la, lamp, fouchèt, kiyè, tv. Ankouraje pitit ou pou anrejistre atik ak kantite. ak kantite.	Di 3 mo. De (2) mo pral genyen menm premye son, youn p ap genyen son sa a. Mande pitit ou ki mo ki genyen yon premye son ki diferan. Fè sa ankò avèk lòt mo.	Li yon liv, fè pitit ou ekri ak desine pati li pi renmen nan istwa a. pati li pi renmen nan istwa a.	Sware jwèt an fanmi, fè pitit ou chwazi jwèt la.	Jwe jwèt "Who?" (Kimoun?) "What" (Kisa) "Where" (Kibò) Kimoun ki lekòl? Kisa ki rive lekòl? Kibò lekòl ou a ye?
21	22	23	24	25	26	27
Semèn sa a etabli yon preparasyon pou woutin lekòl, kòmansè dòmi pi bonè.	Apati semèn sa a, pitit ou ta dwe pratike manje repa midi avèk bwatalenchi li, louvri resipyan ak pake.	Repase epi pratike estim. Kreye yon ekwasyon matematik pou kantite total atik.	Di 3 mo. De (2) mo pral genyen menm dènye son an, youn p ap genyen son sa a. Mande pitit ou ki mo ki genyen yon dènye son ki diferan. Fè sa ankò avèk lòt mo.	Fè pitit ou ekri 3 bagay li swete aprann nan jadendanfan. Ou pral repase lis sa a nan fen jadendanfan.	Sware Jwèt an Fanmi, fè yon jwèt kastèt ansanm	Fè pitit ou itilize mo "today (jodi a), "yesterday" (ayè), ak "tomorrow" (demen) nan fraz separe.
28	29	30	31	<b>Long ane eksperyans pitit ou a nan jadendanfan rive nan fen. Se pou pitit ou a gen anpil siksè ak lajwa pandan l ap kòmansè pwochen etap enpòtan li... Jadendanfan!</b>		
Pase tan ak fanmi, pwograme yon jounen espesyal aktivite amizan.	Kontinye etabli yon woutin pou prepare rantre lekòl la. Kontinye li liv sou jadendanfan.	Jwe plis oswa mwens Sèvi ak Lego, bay pitit ou a 4 Lego epi ou menm 3. Mande kiyès ki gen plis? "Kiyès ki gen mwens?" Kontinye jwe ak diferan seri.	<b>Alo Elèv Jadendanfan! Pale avèk pitit ou sou sa pou l atann pandan l ap fè Tranzisyon nan Jadendanfan</b>			

### Lekti yo sijere pou mwa sa a:

Liv Jadendanfan- "Do You Want to be My Friend," " Annabelle Swift, Kindergartner," "Will I Have a Friend," "Vera's First Day of School," "Miss Bindergarten Gets Ready for Kindergarten," "Countdown to Kindergarten." "Look out Kindergarten Here I Come!" "Sheila Rae the Brave." "The Night before Kindergarten." "Monkey not Ready for Kindergarten," "Time for School, Mouse."

Liv sou Mantalite ki konsantre sou Pwogrè- "It's Okay to Make Mistakes," "Giraffes Can't Dance," "The OK Book," "Beautiful Oops!"





## Langaj ak Kapasite pou li ak ekri

- Kominike yon fason klè avèk kamarad ak adilt
- Tande pou konpreyansyon pèsònèl
- Swiv enstriksyon ki genyen de (2) etap
- Pale klè, ak fraz konplè
- Ogmante kontinyèlman konpreyansyon ak itilizasyon nouvo mo vokabilè
- Sèvi ak gramè ki apwopriye pou laj yo (*egzanp, pwonon posesif, pliryèl, tan pase*)
- Itilize fraz pwolonje kontinyèlman
- Poze ak reponn kesyon
- Renmen gade ak li liv, toude poukont li epi ak lòt moun
- Konprann kijan pou pran swen yon liv
- Kapab rakonte yon istwa
- Kapab idantifye lèt yo
- Kapab separe mo konpoze an de (2) mo separe
- Kapab konbine de (2) mo pou kreye yon nouvo mo konpoze
- Kapab separe oswa konbine silab ak mo
- *Site Non pifò lèt (lèt majiskil ak miniskil)*
- Kapab ekri pwòp non yo



## Refleksyon Matematik

- Rekonèt yon kantite objè san konte yo (*subitizing, kapasite pou rekonèt yon kantite objè san yo pa konte yo*)
- Konte jiska 31
- *Manipile ansanm (konte objè, separe ak konbine ansanm)*
- Kreye modèl senp nan itilize diferan objè
- *Kapab idantifye, dekri ak kreye fòm debaz (sèk, kare, rektang ak triyang)*
- Itilize tèm tankou, akote, anba, bò kote, dèyè ak anba pou dekri plas yon objè



## Eksplorasyon Syantifik

- Idantifye ak itilize tout senk sans yo
- Itilize divès teknoloji pou sipòte eksplorasyon ak aprantisaj
- Konprann epi obsève diferans ant sak gen vi ak sak pa gen vi
- *Fè prediksyon sou fason yon anviwònman kapab chanje yon objè (tankou, dlo, van, tanperati)*





# THE SCHOOL DISTRICT OF PALM BEACH COUNTY

***Nou kontan akeyi pitit ou pandan li pra l kòmanse eksperyans akademik li nan Distri Lekòl nou an ki plase nan klasman A!***

**1. Jwenn lekòl ki nan zòn ou lè w antre adrès kay ou a nan [palmbeachschools.org/findmyschool](https://palmbeachschools.org/findmyschool)**

**2. Rasanble enfòmasyon ak dokiman sa yo:**

- Fòm enskripsyon (*disponib swa nan [palmbeachschools.org/register](https://palmbeachschools.org/register) oswa nan direksyon lekòl ki nan zòn ou a*).
- Prèv nesans (*bafistè, paspò, dosye relijye*).
- Prèv vaksinasyon obligatwa nan men doktè timoun nan avan premye jou lekòl la.
- Prèv yon egzamen fizik resan avan premye jou lekòl la.
- Prèv ou abite nan Rejyon Palm Beach (*de (2) dokiman aktyèl ki reflekte adrès kay ki kòrèk la, tankou yon lisans chofè, bòdwo elektrik, ipotèk, akò kontra lwaye, resi lwaye, konfimasyon sou chanjman adrès Sèvis Postal Etazini, deklarasyon kat kredi, elatriye. etc.*).
- Papyè sou responsablite legal, si sa aplikab.
- Dokiman adisyonèl itil, enfòmasyon ki soti nan lekòl li te ye avan.

**3. Enskri an pèsòn:** Vizite lekòl nan zòn ou an pèsòn, lendi jiska vandredi, avèk fòm enskripsyon ou ranpli ak tout dokiman ki nesèsè pou konplete pwosesis enskripsyon an

**OSWA**

**Enskri sou entènèt (apati 3 avril 2023):** Genyen dokiman yo mande yo pare pou w telekopye. Jwenn aksè nan pwosesis enskripsyon sou entènèt la nan [palmbeachschools.org/kindergarten](https://palmbeachschools.org/kindergarten)

**4. Patisipe nan Reyinyon Paran Elèv Jadendanfan** nan lekòl ki nan zòn ou an pou rankontre pèsònèl lekòl ou a, pou aprann sou kourikoulòm jadendanfan, konprann kijan yo pral akeyi pitit ou a ak nouri li, epi fè konesans ak pwogram ak sèvis lekòl la.

**5. Mande lekòl ou a sou "Kindergarten Readiness Kit" gratis ou a.**

Vizite sit entènèt [palmbeachschools.org/kindergarten](https://palmbeachschools.org/kindergarten) pou plis enfòmasyon, oswa rele lekòl ki nan zòn ou dirèkteman pou jwenn èd pou w enskri.



The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –March 2023 – SY231107



**EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE**